



## Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-411

Sijè: METRIZ SITIYASYON/ENTÈVANSYON NAN KA MOVE KONPÒTMAN AK LÈ POU KONTAKTE 911

Kategori: ELÈV

Pibliye: 21 me 2015

### REZIME

Se yon nouvo règleman. Li fikse règleman ak pwosedi Depatman Edikasyon (*Department of Education, DOE*) konsènan entèvansyon ak metriz sitiyaasyon, ak lè pou kontakte 911 pou elèv ki gen move konpòtman. Règleman sa a dwe anvigè apati 1ye out 2015.

#### **I. METRIZ SITIYASYON/ENTÈVANSYON NAN KA MOVE KONPÒTMAN AK LÈ POU KONTAKTE 911<sup>1</sup>**

- A. Règleman sa fikse règ ak pwosedi DOE konsènan entèvansyon ak metriz sitiyaasyon, ak lè pou kontakte 911 nan ka elèv ki gen move konpòtman. Li vin anvigè apati 1ye out 2015. Lè yon elèv gen konpòtman ki reprezante yon ris konsiderab pou domaj ki grav pou elèv la oswa pou lòt moun, lekòl yo dwe detèmine mwayen apwopriye pou jere konpòtman an epi konsidere si estaf lekòl la ka metrize sitiyaasyon an san danje jan yo tabli l pi ba a. Nan sitiyaasyon sa yo, yo dwe swiv pwosedi sa yo :
1. Yo dwe avize direktè a/reprezantan an konsènan sitiyaasyon an epi yo dwe esye kontakte paran an.<sup>2</sup> Yo dwe bay paran opòtinite pale nan telefòn oswa fasafas avèk pitit li lè pa gen pwoblèm sekirite epi lè sa pa deranje efò estaf lekòl la pou metrize sitiyaasyon an.

---

<sup>1</sup> Règleman ak pwosedi pou kontakte 911 pou sèvis medikal ijan oswa pou yon pwoblèm medikal, yo nan CR A-412.

<sup>2</sup> "Paran" vle di paran oswa responsab elèv la oswa tout moun ki jwe wòl paran oswa responsab legal elèv la oswa elèv la limenm, si li se yon minè emansipe oswa si li gen laj 18 lane pou pi piti.

2. Estaf lekòl k ap afwonte sitiyaasyon an dwe fè tout sa l kapab pou l itilize pou metrize konpòtman elèv la sandanje : 1) estrateji ak entèvansyon pou konsidere kriz konpòtman; ak 2) resous nan lekòl la ak nan kominote yo idantifye nan Plan lekòl la pou Metriz Sitiyaasyon Kriz (Gade Seksyon III pi ba a). Si anseyan salklas la oswa manm estaf k ap afwonte sitiyaasyon an pa kapab metrize konpòtman a, anseyan an/manm estaf la dwe mande èd manm nan estaf la ki suiv trening nan ka metriz kriz. Anseyan an/manm estaf la ka chèche tou èd lòt estaf ak resous apwopriye paegzanp direktè adjwen an, sansè a, yon manm nan Komite Entèvansyon nan Kriz lekòl la, yon manm nan Komite pou Entèvansyon nan bilding lan, yon konseye pedagogik, Klinik Sante mantal lekòl la (*School-Based Mental Health Clinic, SBMH*) oswa yon Sant Sante lekòl la (*School-Based Health Center, SBHC*) ki ofri sèvis sante mantal si genyen yonn, oswa *Children's Mobile Crisis Team* si l disponib nan borough a.
3. Men, lè konpòtman yon elèv reprezante yon ris konsiderab imedya pou domaj grav pou limenm ak lòt moun, epi estaf lekòl la oswa sèvis sipò nou tabli pi wo a pa ka jere sitiyaasyon an san danje, direktè a/reprezantan l dwe telefone 911. Nan sitiyaasyon sa yo lè li pa pratik pou kontakte direktè a/reprezantan l, estaf lekòl la/Ajan Srkrite lekòl la k ap afwonte sitiyaasyon an dwe telefone 911 epi avize touswit apre direktè a/reprezantan l.

## II. RESPONSABILITE LEKÒL LÈ YO KONTAKTE 911

- A. Lè yo kontakte 911 pou yon elèv, direktè a/reprezantan l dwe eseye touswit kontakte paran elèv la pou avize yo ke yo rele 911.
- B. Si paran an vini lekòl la, epi sa pa gen okenn enpak sou fason apwopriye pou manm nan pèsònèl 911 ki prezante a fin fè travay ak responsablite yo byen, yo dwe bay paran an yon opòtinite pou pale avèk pèsònèl 911 la ak elèv la.
- C. Si paran an pa vini lekòl la pandan yo te kontakte l nan telefòn, yo dwe bay paran an yon opòtinite pale avèk pèsònèl 911 ki prezante a ak elèv la si sa posib, epi si sa pa gen enpak sou fason apwopriye pou pèsònèl 911 la fin byen fè travay li ak byen pran responsablite l yo.
- D. Si paran an mande pou yo pa voye pitit li lopital, pèsònèl 911 ki prezante a ap pran enfòmasyon enpòtan nan men estaf DOE a, paran an ak lòt anplwaye kòmsadwa pou wè si l k ap fè sa paran an mande l pa fè a dapre règleman ak pwosedi pou refize èd medikal Depatman Ponpye nan Vil Nouyòk (*Fire Department of New York, FDNY*).

- E. Si yo detèmine ke elèv la pa bezwen tretman ak/oswa transpò ijan, fonksyonè lekòl la yo ak paran an dwe diskite pwochen mezi apwopriye pou touswit, paegzanp, men se pa sèlman sa, si elèv la dwe tounen nan klas li.
- F. Si estaf lekòl la pa ka kontakte paran elèv la, pèsonèl 911 ki prezante a ap pran enfòmasyon enpòtan nan men estaf DOE ak lòt moun apwopriye epi apre l ap detèmine si elèv la bezwen tretman medikal ak/oswa transpò ijan. Si yo deside pou transpòte elèv la lopital, estaf lekòl la dwe akonpaye elèv la. Si paran an pa vini nan fen jounen lekòl manm estaf la, manm estaf la dwe kontakte direktè a/repzantan l pou l mande yo ki sa li dwe fè.
- G. Nan okenn sitiyaasyon yo pa dwe rele oswa anplwaye 911 pou pini yon elèv ki gen move konpòtman. Anplis, yo pa dwe itilize 911 alapas yon lòt estrateji oswa resous pou metrize yon sitiyaasyon, lè yo ka itilize sandanje estrateji ak resous sa yo pou jere kriz la jan l tabli nan Seksyon I.A.2 pi wo a.
- H. Lekòl yo pa ka mande oswa egzije yon lèt yon sikyat pou deklare elèv la pa gen yon pwoblèm mantal kòm yon kondisyon pou yon elèv vini oswa tounen lekòl.
- I. Apre tout kriz konpòtman yon elèv, estaf lekòl la dwe fè yon reyinyon avèk paran elèv la (ak elèv la lè l apwopriye) pou diskite osijè sipò ak entèvansyon apwopriye pou konpòtman pozitif pou elèv la.

### III. PLAN ENTÈVANSYON NAN SITIYASYON KRIZ

- A. Chak Ekip pou Repons/Prevansyon/Edikasyon nan sitiyaasyon Kriz yon lekòl (Komite pou entèvansyon nan sitiyaasyon kriz) dwe mete anplas yon Plan pou Metrize Kriz kòm yon seksyon nan Plan konsolide pou Devlopman lekòl ak Fòmasyon jenn. Plan sa a dwe:
  - 1. gen ladan l estrateji pou metrize sitiyaasyon kriz konpòtman;
  - 2. detèmine zòn nan bilding lekòl la kote yo ka izole elèv ki gen kriz la sandanje de lòt elèv yo.
  - 3. idantifye tout estaf lekòl la ki resevwa trening pou aprann teknik pou metrize sitiyaasyon sa yo;
  - 4. idantifye resous nan kominote ak lekòl ki adispozisyon lekòl la ak paran yo (paegzanp klinik sante mantal, ekip mobil pou sitiyaasyon kriz, klinik ki ofri evalyasyon sante mantal ijan/menm jou); ak
  - 5. dekri jan yo fè estaf lekòl la konnen pwotokòl pou metrize ak aksyon nan sitiyaasyon kriz.

### IV. PWOSEDI POU FÈ RAPÒ

- A. Direktè a/repzantan l dwe avize (*Emergency Intake Center, EIC*) DOE nan (718) 935-3210 nenpòt lè yo kontakte 911.

- B. B. Direktè a/reprezantan I dwe fè yon Rapò sou entènèt (*Online Occurrence Report*, OORS Report) sou 24 èdtan depi ensidan an pase pou tout ensidan ki gen rapò avèk lekòl a, ladan tout ensidan ki fè yo kontakte 911.
- C. C. Biwo sekirite ak fòmasyon elèv Office of Safety (*Office of Safety and Youth Development*, OSYD) gen yon *help desk* pou bay èd pou tout kesyon teknik konsènan jan pou fè yon rapò OORS. Help desk la disponib ant 8:00 am ak 5:00 pm Lendi rive Vandredi. Pou kontakte *help desk* la, konpoze (718) 935-5004 epi mande pou OSYD *Web Support*.
- D. Lè paran mande, yo gen dwa pou yo bay yo yon kopi rapò sou ensidan pitit yo a dapre CR A-820 ak Lwa sou Dwa pou Edikasyon ak Vi prive fanmi (*Family Educational Rights and Privacy Act*, FERPA).

#### V. ANONS

- A. Chak Komite pou Entèvansyon nan sitiyaasyon kriz dwe òganize yon oryantasyon pou tout estaf lekòl la, menm pou estaf lekòl la ki pa anseyan nan dat 31 oktòb pou pi ta. Dwe gen nan sesyon oryantasyon an yon prezantasyon règleman ak pwosedi tabli nan Règleman sa a ak nan Plan pou Metrìz Sitiyaasyon Kriz lekòl la.
- B. Chak lekòl dwe sètifye nan dat 31 oktòb pou pi ta li fè sesyon oryantasyon an nan Plan lekòl konsolide anyèl la ak Fòmasyon jèn lan
- C. Nan dat 31 oktòb, yo dwe konsidere règleman ak pwosedi tabli nan Règleman sa a ak Plan pou Metrìz Sitiyaasyon Kriz nan yon reyinyon Komite pou Sekirite lekòl kote yon Ajan entèn pou Sekirite lekòl Nivo III/reprezantan I dwe prezan.
- D. Yo dwe mete yon kopi Règleman sa adispozisyon paran lè yo mande.

#### VI. DEMAND RANSÈYMAN

Si w gen kesyon konsènan Règleman sa a, ou dwe telefone :

Biwo Sekirite ak Devlopman Lajenès

N.Y.C. Depatman Edikasyon

52 Chambers Street – Room 218

New York, NY 10007

Telefòn: 212-374-5501

Faks: 212-374-5751